

HRHCare ba ou pi bon kalite swen sante ki egziste.

- Swen Medikal Prensipal
- Swen VIH ak Epatit C
 - Tès VIH ak Epatit ak Tretman
 - Jesyon Dosye
 - Sipò Kanmarad
- Sante Fanm
 - Planin Familyal ak Prevansyon Gwosès
 - Planifikasyon Anvan Demach pou Ansent
 - Swen ak Tès Gwosès
- Sèvis Nitrisyon
- Sèvis Dantè
- Sèvis Sante Konpòtmantal
- Jesyon Dosye
- Referans ak Koneksyon pou Swen Espesyalis
- Liy Apèl 24 sou 24
- Tarif Dapre Mwayen Disponib

Vizite Sant Sante HRHCare zòn ou an pou konnen si PrEP ap bon pou ou.

Sèvis yo varye dapre anplasan yo.
Rele nou pou jwenn ki sèvis ki disponib toupri ou.

Pasyan HRHCare yo ka ale sou entènèt la nan Pòtay pou Pasyan an ki sekirize e ki gratis. Nan pòtay sa a pasyan yo ka fikse yon randevou, gade dosye medikal yo, voye mesaj pou medsen yo, tcheke rezilta egzamen laboratwa yo, ak fè anpil lòt bagay ankò.

Timoun ki poko gen 18 lane pa ka ale nan Pòtay pou Pasyan sa a. Paran ki gen timoun ki poko gen 12 lane ka itilize Pòtay pou Pasyan an pou gade enfòmasyon sou sante pitit yo.

 Healow App nan App Sto  hrhcare.org/patientportal

Ou pa ka ret tann jiska demen maten?

Rele nou nenpòt lè pou nou refere w bay yon pwofesyonèl swen sante pou jwenn konsèy espesyalize.

Amenia	(845) 838-7038
Amityville	(631) 716-9026
Beacon	(845) 831-0400
Brentwood	(631) 416-5480
Coram	(631) 320-2220
Dover Plains	(845) 877-4793
Goshen	(845) 378-1160
Greenport	(631) 477-2678
Haverstraw	(845) 429-4499
Hudson	(518) 751-3060
Huntington	(631) 760-7746
Monticello	(845) 794-2010
New Paltz	(845) 255-1760
Nyack	(845) 770-9980
Patchogue	(631) 866-2030
Peekskill	(914) 734-8800
Poughkeepsie	(845) 790-7990
Poughkeepsie (Family Partnership)	(845) 454-8204
Riverhead	(631) 574-2580
Shirley	(631) 490-3040
Southampton	(631) 268-1008
Spring Valley	(845) 573-9860
Walden	(845) 778-2700
Wyandanch	(516) 214-8020
Yonkers (Park Care)	(914) 964-7862
Yonkers (Valentine Lane)	(914) 965-9771
Sant Sante Mobil	(844) 474-2273

1-844-HRH-CARE

1-844-474-2273



Pou plis enfòmasyon sou prim nou genyen nan swen, ale sou: hrhcare.org/awards

BR-PR-C-052819



PrEP

Yon Nouvo Fason pou Evite VIH

Rezon pou w Anvizaje PrEP

Si w VIH negatif epi w ka reponn "WI" pou nenpòt nan kesyon sa yo, PrEP kapab bon pou ou.

- Èske w panse ou gen yon gwo risk pou w trape VIH?
- Èske w ta dwe sèvi avèk kapòt pi souvan?
- Èske w te gen yon enfeksyon transmisib seksyèlman (STI, Sexually Transmitted Infection) nan sis mwa ki sot pase yo?
- Èske w ap ou gen yon patnè ki VIH-pozitif epi w ap fè sèks ak li?
- Èske w te pataje zegwi pou pran piki dwòg, fè tatou, oswa pou pèse kò w?
- Èske w te fè sèks san pwoteksyon ak yon moun, epi w pa konnen si li gen VIH ou pa?
- Èske ou nan relasyon seksyèl ak plis ke yon sèl moun?
- Èske doktè te ba ou preskripsyon pou yon moun ki ekspoze a VIH (PEP)?

Chwazi yon avni ki pi sennesòf.

PrEP

PrEP (Pwofilaksi Anvan w Ekspoze) se yon fason ou genyen pou w diminye risk pou ou trape enfeksyon VIH.

Li se yon medikaman kote yo pran yon sèl konprime pa jou moun dwe itilize regilyèman avèk lòt chwa prevansyon yo.

Si w panse PrEP ta ka bon pou ou, nou ka kolabore avèk ou pou diminye risk ou pou VIH.

PEP

PEP (Pwofilaksi Apre w te Ekspoze) se yon medikaman ijans ou dwe pran nan lespas 72 èdtan pou diminye risk pou ou trape enfeksyon VIH apre w te fè sèks ak yon moun pou yon grenn-fwa.

Si w VIH negatif epi w enkyete ou gendwa riske pran enfeksyon VIH, chèche konnen si PrEP se yon bon chwa li ye pou ou.

www.hrhcare.org/PrEP

Rele nou pou w jwenn plis enfòmasyon sou PrEP nan zòn ou!

Mid-Hudson Valley	(845) 260-0043
Lower Hudson Valley	(845) 422-6555
Long Island	(845) 422-5030

